

D+S
M
Chaj Apot
Jn 21,15-19

NF p. 321

Paroles et musique : 20 mai 1994
S. Bernardin de Sienne
Vendredi 7^e semaine de Pâques

Dédié à S. Pierre,
Prince des Apôtres

**R. Ou konnin byin kijan mouin rinmin-ou,
Ou konnin byin kè mouin tou pòv,
Ou konnin byin kijan mouin rinmin-ou,
Malgré féblès ki nan fon kè-m.**

Jn 21, 15-17

Mt 14, 30 ; Lc 22, 32.34.54-62

1. Ou rinmèt mouin mouton-ou pou-m kondui,
Ou konnin byin mouin kab lagé.
Ou rinmèt mouin mouton-ou pou-m kondui,
Min sé ou minm ki pran dévan.

Lc 22, 32

Is 40,11

2. Si-m aksépté san-m pa fè fòsé-m,
Sèké sé ou ki ban-m kouraj ;
Si-m aksépté san-m pa fè fòsé-m,
Sé ou ki mét bon kè-ou nan kè-m.

1 P 5, 2a

3. Si m-ap travay san fè régadan,
Sèké sé ou ki dégajé-m ;
Si m-ap travay san fè régadan,
Sé ou ki mét élan nan kè-m.

1 P 5, 2b

4. Si-m pa pézé sou sa-k anba min-m,
Sèké sé ou ki fè-m tou sinp ;
Si-m pa pézé sou sa-k anba min-m,
Sé ou ki mét modèl nan kè-m.

1 P 5, 3

5. Sé nan véso ki fèt ak tè kuit
M-ap pot mésaj ou konfié-m nan ;
Sé nan véso ki fèt ak tè kuit
M-ap transpôté richès ou-a.

2 Co 4,7 ; 12, 9

6. Kò-m ap dòmi, min kè-m ap véyé,
Léspri-a vif, min chè-a fèb ;
Kò-m ap dòmi, min kè-m ap véyé,
Kinbé lanp la limin pou mouin.

Mt 8,24 ; Ct 5,2

Mt 26, 41

Lc 12, 35

Jn 5, 35 ; 1, 8 ; Si 48, 1 ; 2 P 1, 19 ; Lc 1,78 ; Ap 2,28